

Dwa ak Pwoteksyon w genyen Kont Fakti Medikal pa Sipriz yo

Faktirasyon medikal yo ka difisil pou konprann. Nou vle w konprann dwa w genyen yo.

Dwa w genyen Yo:

- Pa gen Faktirasyon Sipriz
- Pa gen Faktirasyon Balans
- Yon estimasyon Sou baz Bòn Fwa, si w pa gen asirans sante

Eksplike frè ki "Nan Rezo yo" ak "frè ki andeyò Rezo yo"

Yon fason pou diminye depans yo, plan sante w la pase akò ak founisè yo ansanm ak etablisman sante yo. Si w itilize sèvis sa yo, depans ou yo ap pi piti. Yo rele sa **nan rezo**.

Lè w al kay yon founisè oswa yon etablisman plan sante w la pa gen akò ak li, yo rele sa **andeyò rezo**. Si w chwazi pran swen andeyò rezo a, frè w yo ap pi wo.

Pa gen Faktirasyon Sipriz

Faktirasyon sipriz se yon fakti ou pa t atann ak li akoz yo trete w epi yo fè w peye frè andeyò rezo a men w pa t chwazi swen andeyò rezo a ak tout volonte w. Sa ka rive si w te bezwen swen an ijans epi w te andeyò zòn ou an. Sa ka rive tou si w pa t konnen yon founisè te andeyò rezo a paske yo te trete w nan yon etablisman ki nan rezo a.

Pa gen Faktirasyon Balans

Faktirasyon balans se lè yo fè w peye pou diferans ki genyen ant depans nan rezo a ak depans andeyò rezo a pou swen an ijans oswa founisè ki andeyò rezo a ou pa t dakò anvan yo te ba w swen an. Anjeneral frè sa a pi plis pase depans ki nan rezo a. Li ka pa konte nan dediktib ou a.

Ou pwoteje kont faktirasyon balans pou:

Sèvis ijans

Si ou gen yon pwoblèm medikal ki ijan epi ou jwenn sèvis ijans yo nan men yon founisè oswa yon etablisman ki andeyò rezo a, pi plis founisè a oswa etablisman an ka faktire w se kantite lajan pataj nan plan w lan nan rezo a (tankou kopèman ak ko-asirans). Ou pa ka faktire balans pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladann sèvis ou ka jwenn apre ou fn nan yon kondisyon ki estab, sof si ou bay konsantman w alekri epi abandone pwoteksyon ou yo pou yo pa voye fakti balans yo pou sèvis apre stabilizasyon sa yo.

Kèk sèvis nan yon lopital ki nan rezo a oswa yon sant chirijikal anbilatwa

Lè w jwenn sèvis nan yon lopital ki nan rezo a oswa yon sant chirijikal anbilatwa, gen kèk founisè ki ka andeyò rezo a. Nan ka sa, pi plis lajan founisè sa yo ka faktire w se kantite lajan pou fakti ki pataje yo nan rezo plan w lan. Sa aplike nan medikaman ijans yo, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, enfimye yo, oswa sèvis entansif yo. Founisè sa yo pa ka faktire w balans epi yo pa ka mande w pou w abandone pwoteksyon w yo jis pou yo pa faktire w balans lan.

Si w jwenn lòt sèvis nan etablisman ki nan rezo sa yo, founisè ki andeyò rezo a pa ka ba w fakti balans yo, sof si w bay konsantman w alekri epi w abandone pwoteksyon w yo.

Estimasyon Sou Baz Bòn Fwa

Yon Estimasyon Sou Baz Bòn Fwa se yon pri ki baze sou sa nou konnen nan moman yo fè estimasyon an. Li gen ladan I estimasyon pri swen yo prevwa pou vizit ou a, ki gen ladan I swen ki konekte yo ka prevwa nan yon fason ki rezonab pou yo bay kòm yon rezulta dirèk vizit la. Ou gen dwa pou w jwenn yon estimasyon sou baz bòn fwa si w pa gen asirans oswa si ou chwazi pou peye pou swen medikal ou yo. Akoz tretman maladi w la ka chanje, nou pa ka garanti Estimasyon Sou Baz Bòn Fwa a ap koresponn ak dènye pri swen ou an.

Pwoteksyon W yo:

Ou responsab pou w peye pou **pati pa w** nan depans swen medikal ou yo (kopèman, ko-asirans, ak dediktib yo).

Yo p ap janm oblige w abandone pwoteksyon w genyen yo kont faktirasyon balans yo.

Ou pa oblige itilize swen andeyò rezo yo.

Anjeneral, plan sante w la dwe:

- Kouvri sèvis ijans yo san yo pa bezwen apwobasyon
- Kouvri sèvis ijans yo ak founisè ki andeyò rezo a yo epi faktire I menm jan ak rezo a sof si w bay konsantman w alekri.
- Konte tout kantite lajan w peye pou swen an ijans oswa sèvis ki andeyò rezo a nan limit dediktib ou ak pòch ou.

Ki kote w ap jwenn èd

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan vizit ou a, tankou kesyon sou founisè ki nan rezo a, estimasyon sou baz bòn fwa, oswa enkyetid konsènan nenpòt nan fakti ou yo, tanpri kontakte Sèvis Kliyan Tower Health nan 484-628-3528. Anplwaye nou fòme epi pare pou ede w.

Lòt Èd nan jwenn Founisè ki nan rezo a

Ou ka kontakte Depatman Asirans Pennsylvania a nan www.insurance.pa.gov/nosurprise oswa pa telefòn nan 1-877-881-6388 oswa TTY/TTD: 717-783-3898 si w gen difikilte pou w jwenn yon founisè oswa yon etablisman nan rezo plan w lan.

Èd Anplis Si w Kwè yo te Mal Faktire w

Ou ka kontakte tou U.S. Centers for Medicare Services la (CMS) nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) oswa vizite <https://www.cms.gov/nosurprises> (<https://www.cms.gov/nosurprises>) pou plis enfòmasyon sou dwa w yo dapre lalwa federal la.

Lòt Èd ak Estimasyon Sou Baz Bòn Fwa

Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou sou dwa ou genyen pou yon Estimasyon Sou Baz Bòn Fwa nan [cms.gov/nosurprises](https://www.cms.gov/nosurprises) (<https://www.cms.gov/nosurprises>) oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).